



Pou Piblikasyon Imedya: 03/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRÈSKE 1,000 NOUVO ENFIMYÈ NAN KAD EFÒ
KONTINYÈL YO POU RANFÒSÈ AK ESTIMILE MENDÈV SWEN SANTE ETA NEW
YORK LA**

*Ganyan pwogram bous etid "Enfimyè pou Lavni Nou an" pral resevwa fè eskolè
nan kanpis SUNY oswa CUNY apati otòn 2022*

*Avanse priyorite kle Eta Leta a pou rekonstwi ak ogmante mendèv swen sante
Eta New York la ak ranfòse sistèm swen sante a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a prèske 1,000 nouvo fiti enfimyè nan kad efò kontinyèl yo pou ranfòse ak estimile mendèv swen sante Eta New York la. Yo te anonse aplikan yo kòm gayan Pwogram Bousdetid "Nurses for Our Future" (Enfimyè pou Lavni Nou an) - yon inisyativ ki fèt pou rekrute epi antrene pwofesyonèl enfimyè ak swen sante pou sèvi kòm Enfimyè ki Anrejistre nan Eta New York, ki gen anpil demann. Gayan yo pral resevwa frè lekòl pou yo ka resevwa yon Diplòm Asosye nan Enfimyè (ADN) oswa yon Lisans Syans Enfimyè (BSN) nan yon kolèj oswa inivèsite SUNY oswa CUNY ki dire de ane oswa kat ane.

"Enfimyè yo te toujou gen anpil valè pou sistèm swen sante a, men pandan tout pandemi an, yo te pwouve plizyè fwa jis ki kote yo te dispoze rive pou pwoteje Nouyòkè yo epi sove lavi anpil moun", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York fyè de enfimyè nou yo, e bousdetid sa a pral kontribiye yon fason konsiderab nan ranfòse mendèv la ak moun ki pare pou kòmanse edikasyon ak fòmasyon yo."

Pandan diskou sou Sitiyasyon Eta li a, Gouvènè Hochul te fikse yon objektif anbisyè pou ogmante mendèv swen sante Eta a pa 20 pousan pandan senk ane kap vini yo. Gen plis pase 9,300 opòtinite travay pou Enfimyè Sètifye nan Eta New York.

Komisè Sante Eta New York la, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Enfimyè yo se poto mitan swen sante a epi yo te vin premye sekouris enpòtan ki devan liy lan pandan pandemi COVID-19 la. Pwogram bous sa a pral asire Eta New York ekipe ak sa pi bon ak pi briyan ke SUNY ak CUNY gen pou ofri yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè a paske li envesti nan pwogram enpòtan sa a nan yon moman kote enfimyè yo gen anpil demann."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Enfimyè yo se kolòn vètebral sistèm swen sante presye nou an. Bous detid sa yo pral ede nourri mendèv enpòtan sa a pou asire ke sistèm medikal nou yo nan tout eta a gen tout anplwaye yo epi yo pare pou pran swen bezwen tout Nouyòkè yo, odela dire pandemi an. Lè nou ede ewo swen sante sa yo reyalize objektif karyè yo, n ap asire yon New York ki pi an sekirite ak an sante pandan plizyè ane k ap vini yo."

Manm Asanble Deborah J. Glick, te deklare, "Enfimyè yo se poto mitan swen sante a, e li klè tankou dlo kòk ke nou bezwen plis moun k ap bay swen sa yo ki gen konpetans e ki gen konpasyon nan lopital ak biwo medikal nou yo. Mwen kontan dèske premye gwoup bousye Nurses for Our Future sa pral resevwa yon edikasyon eksepsyonèl ak san ekolaj nan lekòl SUNY ak CUNY nou yo, epi mwen swete yo tout siksè pandan y ap prepare pou pran swen Nouyòkè yo alavni."

Prezidan Asosyasyon Enfimyè Eta New York (New York State Nurses Association, NYSNA), Nancy Hagans, RN, BSN, CCRN te deklare, "Bon jan kalite swen depann de genyen ase enfimyè bò kabann yo pou pran swen pasyan yo. Nou apresye Gouvènè Hochul paske li rekonèt bezwen an pou gen plis enfimyè ak paske li fè investisman istorik nan edikasyon enfimyè ak nan sistèm inivèsite piblik ekselan nou an. Pwogram Bousdetid Nurses for Our Future a pral ede atire ak fòme plis enfimyè pou ede anplwaye etablisman swen sante New York yo pi an sekirite. Envesti nan mendèv enfimyè a kounye a se yon pati nan solisyon pou bay bon jan kalite swen pou tout Nouyòkè yo alavni."

Prezidan Kòporasyon Sèvis Ansèyman Siperyè Eta New York la, Doktè Guillermo Linares, te deklare, "Felisitasyon pou ganyan Pwogram Bousdetid Nurses for Our Future yo epi mèsè pou angajman nou pou w rebay Nouyòkè ki nan bezwen yo. Enfimyè yo te nan premye liy pandemi COVID-19 la pandan de ane ki sot pase yo, epi nou bezwen yon rezèv enfimyè ki gen konpetans ak talan ki solid kounye a plis pase anvan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li mete an aplikasyon pwogram enpòtan sa a pou abòde mank enfimyè a nan ankouraje enfimyè oswa moun ki enterese nan yon karyè nan swen sante ak opòtinite pou elaji opòtinite yo epi avanse edikasyon yo, san frè ekolaj, nan youn nan enstitisyon klas mondyal New York yo."

Chanselye Pwovizwa SUNY an, Deborah F. Stanley, te deklare, "Kanpis SUNY yo ap agrandi opòtinite pou satisfè bezwen ijan pou plis ewo swen sante nan Eta New York, ak odela Plis pase 70 pwogram enfimye nou yo atravè eta a ofri fleksibilite, laboratwa similation fòmasyon siperyè, konsèy, ak yon pòt ouvè pou karyè rekonpanse nan medsin. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li ouvri wout la pou moun k ap resevwa rekonpans yo jodi a yo reyalize rev yo epi yo vin pwochen jenerasyon moun k ap bay swen ak sove lavi nan eta nou an."

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare, "Nou felisite ganyan Bousdetid Nurses for Our Future yo, anpil nan yo pral vin jwenn nou nan CUNY otòn sa a pou pouswiv yon diplòm asosye oswa yon lisans. Plis pase 50 pwogram premye sik, sik siperyè ak sètifika nan enfimye nou yo nan 14 kanpis CUNY yo edike ak fyète pwofesyonèl medikal ki kontinye ale pran swen Nouyòkè yo. Plizyè milye gradye ak etidyan CUNY te sèvi nan premye liy batay New York la kont COVID la, e nou pare pou kontinye fè pati nou nan abòde gwo bezwen eta a. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li genyen pou l bay chemen ki travèse CUNY nan direksyon enfimye ak lòt domèn ki enpòtan anpil pou byennèt eta nou an."

Pou fè pati tiraj Bousdetid Nurses for Our Future a, patisipan yo te ranpli yon enskripsyon sou entènèt. Yo te bay bousdetid yo pou enfimye ki gen lisans Eta New York yo pou yo jwenn yon BSN, moun ki abite Eta New York ki fèk ap chèche yon ADN, ak enfimye ki gen lisans ki andeyò eta ki pral deplase epi pratike nan Eta New York pou yo jwenn yon BSN.

Etidyan ki benefisye yo pral kapab konplete pwogram yo ak yon orè fleksib, swa tan pasyèl, oswa aplentan. Bos detid yo pral kouvri frè eskolarite aktyèl yo ke kolèj osa inivèsite piblik la chaje pou kat semès aplentan yo. Prim yo pral pwopòsyonèl pou benefisye ki frekante mwens ke aplentan.

###